## लइकन खातिर बाइबिल प्रस्तुति
प्रस्तुतकर्ता



# परमेश्वर द्वारा इब्राहीम की प्रेम क प्ररीक्षण


लेखक: Edward Hughes
ब्याख्याकर: Byron Unger; Lazarus Alastair P.
अनुकूलित: M. Maillot; Tammy S.
अनुवादक: सुरेश मसीह



उत्पादित: Bible for Children
www.M1914.org

BFC
PO Box 3
Winnipeg, MB R3C 2G1
Canada



©2020 Bible for Children, Inc.
अनुज्ञापत्र: आप ए कहानीन क छाया प्रति मुद्रण करा सकीं ला बशर्ते की आप ओके बेचब ना।






एक रात परमेश्वर अब्राहम के एगो अजीब आदेश दिहलन। ई देखे खातिर कि इब्राहीम अपनी लइका इसहाक के परमेश्वर से ज्यादा प्यार करेलन या अपनी प्रभु परमेश्वर के।


परमेश्वर आज्ञा दिहलन, "अपनी लइका इसहाक के होमबलि की रूप में चढ़ावअ।" इसहाक के अर्पण करअ? अपनी लइका क बलिदान चढ़ावअ? इब्राहीम खातिर बहुत ही बड़ा मुश्किल काम रहल। उ अपनी लइका से अत्यधिक प्यार करत रहलन।
3


इहाँ तक कि इब्राहीम ना समझला पर भी परमेश्वर पर भरोसा कइल सीखले रहलन। सुबह तड़के उठ के, इसहाक अउर दूगो नौकरन की संगे बलिदान की पहाड़ की तरफ निकल पड़लन।
4


जइला से पाहिले, इब्राहीम होमबलि क आग बनावे खातिर लकड़ी के चीर लिहलन। इब्राहीम, परमेश्वर क आज्ञा पालन करे खातिर योजना बनवलन।
5


तीन दिन बाद उ पहाड़ की करीब पहुंचलन। "एहिजा ठहर जा" इब्राहीम अपनी नौकरन से कहलन। "हमनी क जाके उपासना करल जाई,
अउरी फिर वापस तोहन लोगन की लंगे आवल जाई।"
6


इसहाक लकड़ी लिहलन; अब्राहम आग अउर एगो चाकू लिहलन।
7


इसहाक पूछलन, "होमबलि क मेम्ना कहाँ बा?" इब्राहीम उत्तर दिहलन, "परमेश्वर खुद ही मेम्ना प्रदान करीहन"।
8


दूनों परमेश्वर द्वारा ठहरावल सटीक जगह पर आ पहुंचलें। उहाँ, इब्राहीम, परमेश्वर की सामने बलिदान खातिर एगो वेदी बनवलन अउर जलावे खातिर लकड़ी सजवलन। इब्राहीम बहुत ढ़ेर बेदी क निर्माण कइलें रहल होइहन। निश्चित रूप से इ बेदी क निर्माण कइल उनकरा खातिर सबसे कठिन काम रहल।
9


इब्राहीम अपनी प्रिय लइका इसहाक के बांध के बेदी पर लेटा दिहलन। का इब्राहीम वास्तव में परमेश्वर की आज्ञा क पालन करे खातिर अपनी प्रिय एकलौता लइका इसहाक, के बलिदान करे जात रहलन?
10


हँ! इब्राहीम जैसे ही चाकू ऊपर उठवलन ओ चाकू क धार चमकल। इब्राहीम क दिल टूट रहल होइ लेकिन उनके इ मालूम रहे कि परमेश्वर की आज्ञा क पालन करहीं के बा।
11


"रुकजा!" यहोवा क दूत चिल्लइलन। "अब हम जान गइल बानी, तू परमेश्वर क भय माने लअ। तू हमरी खातिर, अपनी लइका के भी ना रख छोड़लअ हअ।"
12


झाड़ी में मेढ़ा के देख के, इब्राहीम इसहाक क बंधन खोल दिहलन अउर ओकरी जगह पर मेढ़ा के बलिदान कइलन। शायद इसहाक सोचले होइहन कि "जैसे हमार बाबूजी कहले रहलन ओइसे ही परमेश्वर प्रदान कइलन हअ।"
13


पिता अउर पुत्र दूनो उपासना कइलें, तबे यहोवा क दूत इब्राहीम से बात कइलन। काहें से कि तू आज्ञा मनलअ हअ, एहिसे "तोहरी लइका की द्वारा, सभ देश आशीषित होइहन।" केवनो दिन, इब्राहीम की वंश की माध्यम से यीशु क जन्म होईं।
14

इब्राहीम अउर इसहाक घर लौवट अइलन। कुछ समय बाद, उदासी छा गइल । सारा क मृत्यु हो गोईल। इब्राहीम अपनी पत्नी के अउर इसहाक अपनी माई के गवां देले रहलन।



15

अंतिम संस्कार की बाद, इब्राहीम इसहाक की खातिर एगो पत्नी की तलाश में अपनी मुख्य सेवक के भेजनल। नौकर इब्राहीम की रिश्तेदारन की बीच उनकरा पुरान मातृभूमि की ओर लच दिहलन।



16

नौकर परमेश्वर से एगो चिन्ह मंगलन। "हमरी ऊंटन खातिर जेवन लइकी पानी उपलब्ध करायी, उहे लइकी इसहाक खातिर सही होखे।" "तुरंत रिबका पानी पूछली।" उ इब्राहीम की रिश्तेदारन में से रहली। नौकर तुरंत जान गइल  कि परमेश्वर ओकरी प्रार्थना क जवाब दे देले बाड़न।



17

रिबका इसहाक से शादी करे खातिर अपनी परिवार के छोड़ दिहली। उनकी माई के मूवला की बाद रिबका उनके शांत्वना दिहली। इसहाक उनकरा से बहुत प्यार करत रहलन।



18

परमेश्वर द्वारा इब्राहीम की प्रेम क प्रीक्षण

पबितर बाइबिल, परमेश्वर की वचन में से ई कहानी लीहल गइल बा

उत्पत्ति २२-२४

"तोहरी बातन की खुलला से उजियार होला"
भजन संहिता 119:130

19




5 60

20

बाइबल क इ कहानी हमनी के अपनी ओ अद्भूत परमेश्वर की बारे में बतावे ले, जे हमनी के बनवले हउवन अउर उ चाहत बाड़न कि हमनी क उनके जानी जा।

परमेश्वर जानत बाड़न कि हमनी क अइसन गुनाह कइले बनी जा जेकरा के उ पाप कहेलें। पाप क सजा मौत हअ, लेकिन परमेश्वर आपसे एतना परेम कइलन कि उ आपन एकलौता बेटा यीशु के ए दुनिया में भेजनल ताकि उ सूली पर चढ़ के हमनी की पापन क सजा भुगतें। यीशु मूवला की बाद फिर से जिन्दा हो गइलन अउर स्वर्ग में अपनी घरे चल गइलन यदि आप यीशु में विश्वास करअब अउर अपनी उनसे अपनी पापन क क्षमा मांगअब तअ उ आपकी प्रार्थना के सुनिहन उ आके आपकी अन्दर बसिहन अउर आप हमेशा खातिर उनकी संगे बनल रहअब।

यदि आपके विस्वास बा कि इ सब कुछ सच हअ तब आप परमेश्वर से कहीं:
हे प्रिय यीशु, हमके विश्वास बा कि आप ही परमेश्वर हँई अउर हमरी पापन की कारन आप मानुष रूप में अवतार लिहनी, मर गइलीं अउर दुबारा जी उठलीं अउर अब जीयत बानी। कृपा करके हमरी जिंदगी में आयीं अउर हमरी पाप के क्षमा करीं ताकि हमके नाया जीवन मिल सके, अउर एक दिन हम आपकी संगे हमेशा रहे खातिर आ सकीं। आप मदद करीं कि हम पापकी बेटा की तरह रहीं अउर आज्ञा पालन कर सकीं। आमीन।

परमेश्वर से रोज बात करे खातिर बाइबल पढ़ीं! यूहन्ना 3:16